**दिन—वृहस्पति** **दिनांक—05.10.2023**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी नड्डा कहलनि जे विपक्षी दल सभक गठबंधन आईएनडीआईए परिवारवाद, भ्रष्टाचार आ तुष्टिकरणक आधार पर टिकल अछि। श्री नड्डा आइ पटना मे कैलाशपति मिश्रक जन्म शताब्दी समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे गठबंधन मे सम्मिलित सभ पार्टी परिवारवादक पोषक अछि। श्री नड्डा कहलनि जे सामाजिक न्यायक बात करएवला लोक सभ ओबीसी समुदायक सदति सँ उपेक्षा कयलनि। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ओबीसी कमीशन के संवैधानिक दर्जा देलनि। श्री नड्डा कहलनि जे दरभंगा एम्सक निर्माण कार्य राज्य सरकारक लापरवाहीक कारण अटकल अछि। एहि सँ पूर्व भाजपाक अध्यक्ष कैलाशपति मिश्रक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। समारोह के पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी, केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह आ अश्विनी कुमार चौबे, पार्टीक वरिष्ठ नेता विजय कुमार सिन्हा, हरि सहनी, रविशंकर प्रसाद आ सुशील कुमार मोदी सहित कतेको वरिष्ठ नेता संबोधित कयलनि। जयंती समारोह मे भाग लेबाक बाद श्री नड्डा पार्टीक राज्य कोर समिति आ भाजपा विधायकक बैसक मे सम्मिलित भेलाह।

---

सीतामढ़ी सँ जदयू सांसद सुनील कुमार पिन्टू जातीय गणनाक आंकड़ाक विश्वसनीयता पर प्रश्न उठौलनि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे जारी रिपोर्ट मे तेली—साहू समाजक जनसंख्या दू दशमलव आठ एक प्रतिशत देखाओल गेल जे कतहुं सँ सही नहि अछि। ओ कहलनि जे एहेन खबरि भेटि रहल अछि जे गणनाक काल मे कतेको टोल आ मोहल्ला सभ मे गणना कर्मी नहि गेलाह। ओ जनौलनि जे आठ अक्टूबर कऽ तेली—साहू समाजक लोक एहि संबंध मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के ज्ञापन सौंपताह।

---

मॉनसूनक सक्रियताक कारणे प्रदेश मे पछिला पांच दिन सँ वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे भागलपुर, बांका, पूर्णिया, किशनगंज आ कटिहार जिला मे किछु स्थान पर बहुत भारी वर्षा दर्ज कयल गेल। सभ सँ बेसी भागलपुरक सोनहौला मे एक सय छियानवे मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। ओतहि, पूर्णियाक ढेंगराघाट मे एक सय पंचानवें आ भागलपुरक सबौर मे एक सय सत्तरि मिलीमीटर

वर्षा भेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान अररिया, किशनगंज, पूर्णिया आ कटिहार जिला मे किछु स्थान पर वर्षा भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पूर्व भाग मे किछु ठाम मेघगर्जनक संग वज्रपातक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————

नेपालक तराई क्षेत्र आ प्रदेश मे भऽ रहल वर्षाक कारणे गंडक, बूढी गंडक, कोसी, गंगा, पुनपुन आ सोन नदीक जलस्तर मे कतेको ठाम वृद्धि दर्ज कयल गेल। हमर संवाददाता जनौलनि जे पश्चिम चंपारण जिला मे गंडक नदीक जलस्तर एक बेर फेर बढए लागल अछि। जिला प्रशासन अधिकारी सभ के कोनहुँ आपातकालीन स्थिति सँ निबटबाक लेल सतर्क रहबाक निर्देश देलक अछि। ओतहि, कैमूर जिलाक कतेको भाग मे बाढिक स्थिति बनि गेल अछि। जिला सँ भऽकऽ गुजरएवाली कर्मनाशा, दुर्गावती आ सुवारा एहेन मौसमी नदी उफान पर अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे दुर्गावती नदीक पानि रामपुर प्रखंडक निचला क्षेत्र मे पसरि गेल अछि। भभूआ शहरक सेहो कतेको मोहल्ला जलमग्न अछि। ओतहि, जिलाक भभूआ आ चैनपुर थाना क्षेत्र मे बाढ़िक पानि मे डूबवा सँ दू युवकक मृत्यु भऽ गेल। जिला के एगारह प्रखंड मे राहत आ बचाव कार्यक लेल आपदा प्रबंधन आ मेडिकल टीमक गठन कयल गेल अछि।

———————————————————

चीन मे खेलल जा रहल एशियाई खेल सभ मे भारत चारिम स्थान पर बनल अछि। भारतीय दल एखन धरि एक्कैस स्वर्ण, बत्तीस रजत आ तैंतीस कांस्य पदक सहित कुल छियासी पदक जीतलनि अछि। आइ भारतीय खेलाड़ी सभ दू स्वर्ण पदक अपन नाम कयलनि। एशियाई खेल मे भारतक ई एखन धरिक सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन अछि।

———————————————————

सीबीआई गोपालगंज जिलाक कटैया थानाक तत्कालीन थानाध्यक्ष सुमन मिश्रा आ एएसआई प्रदीप कुमार के गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। एहि दुनू पर वर्ष दू हजार एक्कैस मे थानाक हाजत मे एक अभियुक्त राजनाथ शर्मा के मारिकऽ ओकर शव गायब करबाक आरोप अछि।

———————————————————

मुजफ्फरपुर जिलाक गरहा थाना पर असामाजिक तत्व द्वारा हमला कयल जयबाक मामिला मे पन्द्रह आरोपी के गिरफ्तार कयल गेल। ओतहि, पैंतीस नामजद आ पचास सँ बेसी अज्ञात लोकक विरूद्ध प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि।

———————————————————

आइ राष्ट्रीय डॉल्फिन दिवस मनाओल गेल। राष्ट्रीय जलीय जीव गांगेय डॉल्फिनक संरक्षणक संबंध मे जागरूकताक लेल प्रत्येक वर्ष पांच अक्टूबर कऽ ई दिवस मनाओल जाइत अछि। डॉल्फिन दिवसक अवसर पर भारतीय जुलॉजिकल सर्वे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयलक अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।